



Èske ou ansent?

Atansyon: Enfeksyon Zika pandan gwosès ka lakòz mikwosefali ak lòt gwo dega nan sèvo tibebe a.
Pa gen okenn Vaksen pou anpeche enfeksyon virus Zika a.



Pa kite marengwen mòde ou



Li pi danjere pandan lajounen

Marengwen yo kapab simaye chikouyounga, lafyèv deng ak Zika yo mòde moun anpil pandan lajounen.

Yo ka mòde tou pandan lannwit.



Itilize pwodwi ki pouse marengwen.

Li mache!

Chèche engredyan aktif sa yo: DEET, picaridin, IR3535, lwil ekaliptis sitwon, para-menthane-diol, oswa

2-undecanone



Mete rad k ap pwoteje ou.

Mete chemiz manch long ak pantalon pye long epi itilize pwodwi pou repouse marengwen. Pou plis pwoteksyon, trete rad ou ak pèmetren.



Pa kite marengwen antre lakay ou

Mete twil sou fenèt ak pòt yo. Itilize èkondisyone si genyen. Pa kite marengwen ponn ze kote dlo chita.

Pou plis enfòmasyon:

www.cdc.gov/chikungunya • www.cdc.gov/dengue • www.cdc.gov/zika



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention